Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул 19 август РУЗМАН

№33 (7416)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багъа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**ЦIиял харбал**

## Агъвали медпункт рагьана

Гьанжезаманалъул тIалабазе жаваб кьоледухъ хIажатаб къайиялдалъун хьезабураб фельдшеразулгун акушеразул пункт рагьана гьал къояз Агъвали росулъ.

Гьеб рагьиялъул багIараб чIоло къотIиялъулъ гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ХIалимат АхIмадовалъ, районалъул больницаялъул бетIерав тохтур Хейруланам Дибирасулаевас.



Данделъаразда АнвархIажи Вечедовас баркана фельдшерлъиялъулабгун акушерлъиялъулаб пункт рагьи, ва тIадчIей гьабуна гьениб бук1ине кколеб къагIидаялъ хIалтIи гIуцIизе ккеялда.

-Медицинаялъул пунктал рагьиялъул магIна ккола халкъалъе бакIаздаго гьабулеб медицинаялъулаб хъулухъ тIадегIанаб даражадул букIин. Харабигун гIисинал лъималазул улбул КIочIали бугеб поликлиникаялде инчIого, гьанирегги рачIун, жидерго сахлъиялъул хал гьабун ва хIажатал дарабиги хъван, рокъоре руссине ккола, гьелъие кIвахIтун нужги хIалтIизе ккола, киса-кибего сверухълъиялда цогидазе мисалияб куцалда рацIцIа-ракъалъиги чIезабун,-ян абуна районалъул бетIерас.




Официалияб бутIаялдасан хадуб АнвархIажи Вечедовас ва гьесда цадахъ рукIараз хал гьабуна ФАПалда чIезарун ругел шартIазул, ва баркала загьир гьабуна гьеб гIуцIизе кIвахIтун хIалтIаразе.

ЖамагIаталъул рахъалдасан жидее гьабураб къиматаб сайгъаталъухъ районалъул тIалъиялъе баркала загьир гьабуна росдал дибир СаидхIусен ПирмухIамадовас, милициялъул ветеран Сайпула МухIамадовас ва ФАПалъул заведующий ХIабиб Загьидовас.

**РахIат хвараб суал**

## РагIи, халат гьабичIого, тIубазе ккела

Газеталъул иргадулаб номер къватIибе кьезе хIадурлъулаго, кIутIун кабинеталъул нуцIидагун, жание лъугьун ячIана Агъвали росдал тIоцебесеб КIолихъ авалалда яшав гьабун йигей Хадижат ХIабибова (ИбнухIажи Идрисовасул хъизан).



ЯчIинахъего абуна гьелъ нужееги чIалгIун ятилин жий, цогидазего гIадин, баркала бугин районалъул газеталъул хIалтIухъабазе - 2016 соналъул байбихьудаги борхун букIанин жиндир рагьда канализациялъул мащуги хвезабун, бугеб ахIвал-хIалалъул, амма, абухъего «добго хурив довго Муса» вугин жегиян, гьединлъидал, ахирисеб нухалъги хIал бихьилин жиндирго гьебго гIарза-гIузру нижгун, редакциялъул хIалтIухъабигун, дандги бан, роцIинабизе. Гуронани, жий тIадайлъун кколей йигин республикаялъул тIадегIанал идарабазде хъвазе, яги радио-телевидение ахIизеян тIадеги жубана. КигIанго газета къватIибе кьезе кватIулел рукIаниги, бухIараб бакъул къоялъ нижехъе ячIарай гьелъухъ гIинтIамичIого рес нижерги букIинчIо. Гара-чIвариялъул ахиралда, хIаракат бахъилин гьеб суал рагIалде бахъинеян рагIиги кьун борчIана гьелъие, гьеб иш кодосеб идара ниж гьечIониги.



Гьебго къоялъ, районалъул администрациялъул данделъи лъугIун хадуб, Агъвали росдал администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула МухIамадовгун щвана ниж ИбнухIажил азбаралде.

БитIараб бицани, гьединал шартIазда гIумру гьабун гьенир ругезе баркалани щай, мухь кьезе ккелин гьеб хIалтIи тIадал идарабазухъан гIакIаде бахъунгиян пикру ккана. Гьенире щвезе 15-20 м. манзилалдасанго чIвазе байбихьана квешаб махI.

Азбаралдасан бехе чорокаб лъим чвахизе лъурал рогIраздасан, жаниб рищниги къан, тIасан чвахулеб буго лъим ва рукъалда цебесан чвахулеб буго. ХIетIе чIвазе бакI букIинчIо гьеб къоялъ нижееги бакI-бакIалда букIараб хъублъиялъ. Гьеб гуребги, гьенисан лъим гьезул минаялде гъоркьеги чвахулеб буго, регьелалъул мах1алъ босун унеб буго сверухълъи. Хадижатил минаялъул кьочIое ккун буго жагъаллъи.

-Мадугьалги рази гьаюн, гьелъул ахикьан бехе унедухъ сверизабун букIана нижерго къуваталдалъун лъим, амма хисараб жого ккечIо, бугеб сурат нужеда бихьулеб буго,- ян чара хун бицулеб букIана Хадижатица.-Риидал гьогьмаде, хасало бакъде рахъине рес букIунаро нижер сверухълъиялда махI букIиналъ. Гьал хвезарурал болъабиги, дир бетIергьанчияс гIезегIан лъикI гьарун рукIана, бетоналъул хIубалги лъун (пасенкабиги). КигIаналъ ниж рукIинел чIагого жужахIалда? Кире хъвадараниги, гьаз дозухъе, доз гьазухъе регIи гуреб, цебехун унеб хIалтIиги гьечIо.

-БитIараб буго Хадижатил. ГIемер щвана гьей нижехъе гIарзалъ. ГьалатI ккана гьел рогIороби лъолаго, гьеб нижеца битIизабизе буго. ГIайиб гьечIо гьаб авалалъулаздаги. Къаси-къадилан тIагIиго гьечIеб махIалъ гьанкъизе лъиего бокьуларо. Кин букIаниги, халкъалъул гIарзазде гIинтIамуларел чагIи кколаро нижги, гьелъул къварилъиязде гIинтIамизеги гьезул мурадал тIуразеги рищун ругелъул нижги халкъалъ. ГIагарал къояз нижеца гьеб хIалтIи рагIалде бахъине гIамал гьабила,-ян абуна ХIайбула МухIамадовас

-Нужеда жакъа бихьулеб батани, дир къойилаб бетIерунти буго гьеб суал,-ян абуна гьенисан нахъруссун рачIунаго нижеда дандчIварав Агъвали росдал администрациялъул хIалтIухъан АхIмадуллагь Хизриевасги. -Гьеб хIалтIи гьабизе тIаде босун букIана Хадижатил васас, амма, щаялиго, гьеб суал жакъа къоялъги гьединго хутIун буго…

..БитIараб буго Хадижатил. Гьаб соналъул январалда нижер мухбир Зулфия Сажидовалъ «РахIат хвараб суал» абураб макъалаялда борхун букIана гьебго суал.

ГIарзаби хъван руго гьелъ районалъул депутатазул Собраниялде, росдал администрациялде, прокуратураялде ва роспотребнадзоралде гьеб суалалъул хIакъалъулъ. Цох1о прокуратураялъул кагътие жаваб хIисабалда Болъихъ бугеб роспотребнадзоралъул идараялъ Агъвали росдал администрация тIадаблъун гьабун буго къокъаб болжалалда жаниб гьеб суал роцIцIинабизе ва росдал администрациялъул бетIерасда тIад гIакIа лъун буго.

Ниж гьенире щун моцI аниги, хIалтIи жеги рагIалде бахъун гьечIо. Росдал администрациялъ гьенибе щвезабун буго цементгун сали, мащаби киреялиго рагIула. Гьеб хIалтIи гьабизе рагIи кьурав Хадижатил васасеги кинго замана батулеб гьечIо жиндирго рагьда хIалтIи гьабизе, гьабураб хIалтIухъ мухь кьолеб бугониги. Къокъаб хIасил, жакъа къоялдаги «добго хурив довго Муса» вуго.

Рахунел унтабазе рагьарабго нух буго гьеб азбаралда бугеб хъублъи. ЦIакъго санагIат къотIиялде ккани, лъабабизе ячIиларо нижехъе Хадижат ХIабибова. Лъидаго калам бахъичIого, ахIила телевидение. Лъиеха бокьилеб гьеб хъублъиялъул х1акъалъулъ передача телеэфиралдаса бихьизе.

Божи буго Хадижатил ва гьелъул мадугьалзабазул гIарз гьаб нухалъниги тIубалин абун.

РагIи, халат гьабичIого, тIубазе ккела.

**Гьумер хIадур гьабуна Хадижат Залимхановалъ**

ХъварщикIкIалахъе сапар

# Школазе цIиял минаби

Районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса Гьаруновгун цадахъ 11 августалда щвана Инхокъвари ва Хонохъ ралел школазул хал гьабизе. Инхокъвари школалъе балеб кIитIалаяб минаялъул хIалтIи цIияб цIалул сон байбихьилалде рагIалде бахъине нигаталда ватана къотIиялда рекъон гьеб хIалтIи гьабулев ГьитIинмухIамадов ХIабиб. Гьениб тIадбан унеб буго хIухьлаца хинлъизабулеб къагIида гIуцIиялъул хIалтIи, хIадурун буго цIул ва тIурччи. Гьаризе хутIун руго гIиси-бикьинал хIалтIаби.

Хонохъ балеб школалдаги тIадбан унеб буго хIалтIи, байбихьун буго хьорщол чIабар гьабизе (хъарщи кьабизе). ХIалтIухъабазул бригадир Жалал Жалаловасул рагIабазда рекъон, сентябралда цIияб школа бан раг1алде бахъине ракIалда буго.



# Нилъерго бакIалъул гьабизе ккола къимат



Аби буго нилъецаго гьабичIеб, нилъедаго батуларебилан. Гьеб ракIалде щвана, районалъул бетIер А. Вечедовгун ва лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев М. Гьаруновгун цадахъ, Хонохъ цIибалеб школалде щвезе унаго, Санкьада лъарал рагIалда дандеккарав КIванкьадаса медицинаялъул гIелмабазул кандидат, республикаялъул централияб больницаялъул тохтур ГIали Абуязидовасулгун гара-чIвари гьабулаго. Гьес ниж рачана лъар бахун доб рахъалде. ГIурул рагIалккун рехехун унаго, гьес бихьизабуна рохьил лабаллъиялда бакI ва загьир гьабуна жиндирго пикру.

-Нилъ уна риидал хIухьбахъиялъе Ставрополь ва Краснодар краязул санаториязде ва цогидал бакIаздеги. Нилъерго гьадигIан берцинаб тIабигIатги, даруял хурдулги «регьа» лъимги бугеб бакIалда щай бегьулареб гIадамазе даругун хIухьбахъи гьабизе санагIатаб гьитIинабго санаторий рагьизе?-ян, хIайранлъун сверухълъиялдеги балагьун, абуна ГIалица.

Гьединаб пикругун вачIун вуго ГIали сезоналъулаб (риидалил) гьитIинабго санаторий базе санагIатаб бакI балагьизе.

Гьесул рагIабазда рекьон, гьенир гIуцIизе руго гIадамазе хIухьбахъиялъе гурелги, гьел сахлъизариялъул халкъияб медицинаялъул дараби гьариялъе шартIалги.

Ниж Хонохъе унелъул, Инхокъвари байданалда нижеда ратана гьенире даруялъе «регьа» лъим хIалтIизабизеян рачIарал Хасавюрт районалъул Кокрек росулъ яшав гьабун ругел Кванхидалъа Багьавудин абулев чиги гьесул лъадиги. КIиабилеб анкь бугин абуна гьез жидер гьениб чадирги лъун. 1982 соналдаса нахъе вугила жив Инхокъвариве хьвадулев «регьаялъ» чорхое дару-сабаб гьабулеб букIиналъ абун бицана Багьавудиница нижее.

Даруял лъиназул иццал ругел бакIазда сезоналъулал санаториял рагьи халкъалъе пайдаяб иш букIин бихьулеб букIана сверухълъиялда хIухьбахъиялъе рачIаразул рикIкIен гIемерал чадирал ва машинабазул хал гьабидал.

РакIалде ккола ГIалил гьеб нигат гIумруялде бахъине росдал ва районалъул администрациялъ квербакъилин, ва халкъалъе пайдаяб бакI гьениб букIинин.

Аби буго нилъер бакIалжан, чияр бакI-жужахIилан. Гьебги хIисабалде босун, лъикIаб къасдгун вачIарав ГIалие, кумек гьабизе ккела кIварас кIвараб гьабун.



**ГI. Малачдибиров**



МухIамад МухIамадов

## Байтулман ризкъи

Пачалихъги биххун, боцIи кунелъул,
Кваназе дий щвечIо лемагул бохцин.
Нус-нус рикIкIен бугел гIиял рехъаби,
Халкъалъул панзалда гIуцIараб колхоз.

АнтагIалил МахIа, мустахIикъав вехь,
ХIабиб Сахратулагь, нужей щиб щвараб?
ГIи кванан мехтарал ана цереса,
Мунагьазул гьирал мугъзадаги лъун.

БетIер хъахIлъизегIан хъатикь тIилги ккун,
Балеб горо-цIадукь биччун парталгун.
Къаси сордо гуреб, къад хIалхьи гьечIеб,
ЦIороца холаго мугIрул парсазда.

ХьантIамурал чахьал, кIихIатIил гъудул,
Нужеца кванарал хухал сабаблъун.
ДагIба, рагъ-мачги ккун, делоги букъун,
ТамихIалде цIарав Галил МухIамад.

Щивасул тIуб бугеб умумузул пай,
Унго, кин бикьилеб щивасе бащад?!
ТIад тарал бацIаца цоцахъе цIа-цIан,
Чияр гьинги кванан, чIчIори щун хварал.

Квер хьвазе хIарамаб байтулман ризкъи,
Хабал гIазаб нужей, рукьби гьурулеб.
Мунагь бихьун тамихI батIи-батIияб,
Хьвадулел гIакъраби, тIасан гьоркь раккун.

ГIадалнах гьалулеб бакъул багIари,
ХIисаб-суалалда кин жаваб кьелеб?
СиратIул кьо борхун, гIодор кколелъул,
Лъабазар сонил нух кин нахъе телеб?

ГIарасмайданалда судалде кьедал,
Кида ирга щвелеб диван къотIизе?
Нилъ гьаруралдаса гьабурабщинаб,
Батила нилъее мизаналда лъун.

Бищун гьоркь боркьараб «СсагIир» жагьанам,
Гьекъезе лъим киса, ракъварал иццал.
Чвахулеб гIетIул лъар, рухIулел хIатIал,
Нусабго лагаялъ гьабулеб нугIлъи.

ГIалимаз гIергIедун гьабулеб вагIза,
Гьеб гIадахъ босизе мобиль свинабе!
Гьанир нилъ гьалбалин, хIадурун рукIа,
Нилъеда лъачIого хвел тIаде щолин.

Дур лагъзал руго ниж, хIалимав Аллагь!
ЩайтIан рикIк1ад гьабе, рагIи цо гьабе.
Ккарал гьалатIазда тIаса лъугьа мун,
Алжанул агьлулъун гьаре дуца ниж.

Я Рабби, я Аллагь! ГурхIа нижеда.
Рикь-рикьарал дуца гьункун цо гьаре.
Анфусазул гIадлу нижер иш гуро,
Дуца рекъезабе, Рауфу ррахIим!

# Халкъалъул ракIазулъ тIадегIанлъарай

Лъимерлъудасанго гIемер рагIун букIана багьадурлъиялъе бакI кибго ва кидаго батулин абун. Телевизоралдасан рагъул кино бихьун, тарихалъул дарсазда рагъул бицун гурони гьунар бихьа-рагIичIей дида ккolaaн, ракълилаб заманалдаги кинаб букIунеб багьадурлъиян.

Щуабилеб классалда цIалулаго, тарбия кьеялъул дарсидаса нижер классалъул нухмалъулей ПатIимат Шамхаловалъ ниж рачана телевизоралдасан бихьизабулеб букIараб «Борхалъуде яхана ва кIодолъана» («Поднялась и возвысилась») абураб нилъер машгьурав ракьцояв, тохтур-травматолог МухIамад ГIабдулхабировасул битIахъегояб гIахьаллъигун бахъараб документалияб киноялъухъ балагьизе. Гьеб мехалъ тIоцебе рагIараб цIар букIана дида Ася Денисенко, ккана тIоцебесеб «лъай-хъвай» гьей лебалай, жиндирго ишалде ва жиндир «къайимлъиялда» ругел ункъракьалъулазде рокьи ва рекIел цIайи бугей гIолилалъулгун, бичIчIана багьадурлъи цо букIунеблъи, гьеб бихьизабизе бакIалги шартIалги батIибатIиял рукIаниги…

Рагъ лъугIун хадусел захIматал соназ, рикIкIадаб Россиялдаса гIолохъанал специалистал: мугIалимзаби, тохтурзаби, росдал магIишаталъул хIалтIухъаби ва цогидалги махщалилал ритIун рачIунаан Дагъистаналде хIалтIизе. Гьедин ритIун рачIаразда гьоркьор рукIана Брянскалдасан Ася ва Геннадий Денисенкоги, «гIалхулаб» ЦIумада районалъул фельдшерал.

…Райцентралда больницаялда хIалтIи кьуниги, цин Хушетие щварай хъахIаб халгIат ретIараб микки-медсестра Асяе къабуллъана согIал мугIрулги, къвакIигун кьвариги, хIалимлъигун недегьлъиги, гIадамал рокьиги жиндилъ жубараб гIамал-хасиятги бугел магIарулал. Мунагьал чураяй дир эбелалъ бицунаан, Асиятида нижги нижеда гьейги лъикI ричIчIанилан,-ян бицана иргадулаб нухалъ хъулухъалъулаб командировкаялъ тохтур МухIамад ГIабдулхабировгун Гъоркьхъварщиние щварай дида Париза Гъамбулатовалъ. -ГьитIинай, загIипай, гьанжего гьанже 18 сон тIубарай Асиятил букIана гIадамазе гIорхъи гьечIеб рокьи бикьулеб, бацIцIадаб, гъваридаб ва гIатIидаб, лъикIлъиялъулгун рокьул цIураб ракI. Жакъаялдаса лъабкъогоялде гIунтIун соналъ цее, ай 1957 соналъ районалде ячIарай гьей гIурус яс жакъаги ункъракьалъулазе «нижер Асият» ккола.

…Жакъа, къоло цоабилеб къарнуялъул байбихьудаги автотранспорт хьвадулеб нухцин гьечIеб Ункъракьалде яхинги, гьениб гIумру гьабигицин гьунар ккола. Асиятилги гьеб ракьалда бугеб щуябго росдал халкъалъулги. 3150 метр ралъдал гьумералдасан тIад бугеб, Агъвалисан ункъоялда анцIила анкьго километралъ рикIкIада бугеб Хушети росулъ хIалтIизе ине бихьиназгицин инкар ккураб мехалъ, жий гьение йитIеян райбольницаялъул бетIерай тохтур Марьям Кахиевалъухъе гIарза хъвайги гьунар буго Денисенкол. Гьелъул къайимлъиялда букIана цоцадаса анцIго-анцIила щуго километралъ цоцаздаса рикIкIадаб щуго росуги лъеберго кулиги. Гьебги тезе ккolaaн хIама-чодаги рекIун, яги лъелго, гIаздаца рацарал яги цIадаз чукIкIизарурал рукIиналъухъ балагьичIого.



Асял цо минутги хIухьбахъиялъе чIараб букIинчIо. Росулъе щун, хадусеб къоялъго тирана-гелана гьелъ росдал авалалгун кулаби. Гьелъул рекIелъ букIана рикIкIадаб мугIрул ракьанда, гуржиязул гIорхъода бугеб Хушети гуребги, Метрада, Гъоркьва ТIадхъварщини, Цихалахъ росабазул гIадамазул яшавалда тамашаги хIайранлъиги жубараб асар. ЦIияб рухI речIчIана росдал фельдшерасул пункт, щивасе гьелъ рагьула медицинаялъул карточка, абухъего, киналго росана жиндирго къайимлъиялде. Гьедин ана микьго сон. ЦIорораб хасел, цIадалаб ихгун хаслихълъи яги багIарараб рии батIа бахъичIого, гор бахъун унтаразухъе яккулей, сахазе профилактика гьабулей. Гьей къуркьичIо гIакъуба-захIмалъабазе, гьей ругьунай йикIана гьитIинго бесдаллъи бихьарай йикIиналъ, вацасулги гьир жиндирго гъуждузда баччине. ГIурус яс ункъракьалъулазе лъугьана «жидерго Асиятлъун», гьелъ лъазабуна магIарул ва хушетдерил мацI…

Балагь гьикъун, изну босун бачIунаро. Щибаб моцIалъ нусгоялде гIунтIун километралъ рикIкIада бугеб Агъвалиеги ячIун, хIисаб кьезе ккolaaн гьелъ жиндирго хIалтIул, росизе ккола моцIалъе гIурал дараби. ГIемерисеб мехалъ раччизе ккола мугъзада. Щибаб къойил гьечIониги, анкьалъ щвезе ккола щибаб росулъе обходалъе. ГIазу-цIадахъ балагьичIого. РакIалде ккolaaн гьелда лъалареб гамачI-хъарахъ, сухъмахъги букIун батиларин Ункъракьалдаян. Амма гьеб, сухъмахъалъ, гьелъие гIагараблъун лъугьараб тIабигIаталъ рекIкI гьабуна Асяе. Буранги бугин пулеб, тIадеги гIазуги бугин бицатаб бан, унгеян гьардолаго росдал гIадамалги тун, жий унтаралъухъе щвезе кколин, яхъуна Агъвалисан ячIуней Асият рогьалилъго сапаралъ Хушетие… ва, гьале доб балагь…гIемер мех балелдего, росулъе бачIуна чIегIераб хабар-къоло анлъго сон тIубарай Ася кьурса гъоркьеги йортун, хванилан. Гьеб букIана 1965 соналъул 12 март...

Бащдаб гIасру долдаса нахъе аниги, кIочон тун гьечIо Асият ункъракьалъулаздаги, жиндирго пишацояздаги. РекIелъ хинаб асаргун ракIалде щвезаюлей йиго гьей Метрада, Хъварщини росабазул чIахIияб гIелалъул гIадамаз ва медиказ. Гьелъул цIар кьолеб буго ясазеги. Борхатаб, рикIкIадаб Ункъракьалъе Ася Денисенко йорхана ва тIадегIанлъана. Гьединаб буго гIадат магIарулазул. Рохелгун вачIарасда зурма-къалигун, чед-цIамгун дандчIвалеб, ярагъгун вачIарасе ярагъалъ жаваб кьолеб. Асият ячIана гIадамазе лъикIлъигун. ЛъикIлъигун тIойитIана гьей ахираб халатаб сапаралде ва, амма, жакъаги ракIазулъ йиго гьей халкъалда. Гьелъул цIаралда тохтур МухIамад ГIабдулхабировас хIалбихьи цIикIкIарал, махщел камилал медсестрабазе чIезабун буго лъагIалил премия. Жиндирго харжздаса. МухIамадил рагIабазда рекъон, республикаялъул сахлъи цIуниялъул министр Танка Ибрагьимовас рахъ ккун буго гьеб премия республикаялъулаблъун гьабизе ккеялъул суалалъул ва рагIи кьун буго гьеб суал роцIцIинабизе. Гьеб гурищ бугеб дой гьитIинай гIолилай, халкъалъе хъулухъалъе гIоло гIолохъанго гIумруялдаса ятIалъарай Ася Денисенко халкъалъул ракIазулъ тIадегIанлъи?! Гьелда гурищ абулеб, Расул ХIамзатовасухъего, гьей ракьулъ юкъичIин, къанабакь лъечIин, хъахIаб къункъралъун гьей рикIкIад йоржанин абун. Гьединазда абун батила Михаил Лермонтовас «гьанже заманалъул багьадурилан».

Сонайил щола МухIамад гьелъул хабаде зияраталде. Исанаги гьеб гIадат рехун течIо гьес. Гъоркьхъварщини росдал гIадамалгун щвана гьениве, бицана гIолохъабазе гьелъул гIумру гIемераб мисал босизе мустахIикъаб букIиналъул, хасго доб заманаялъул захIматал шартIазухъги балагьун.

РикIкIадаб Россиялдасанги рачIун, жидерго къисмат нилъер районалда бухьинабурал гIадамал гIемер рукIана районалда, гIарас жидее базе мустахIикъал. ГIаданлъиялъул, гIадатлъиялъул, ракIалъ тIаса бищараб махщелалъе бугеб ритIухълъиялъул, халкъалде бугеб рокьицIаялъул миллат букIунаро. Гьеб чорхолъ я букIуна, я букIунаро бессун. Гьеб кинабго бессаразул цояй йикIана Ася Денисенко-рикIкIадаб Брянскалъул ЦIумада яхъарай Багьадур. Гьелъул ва анцI-анцI цогидазулги мисалалдалъун хIалтIулел ани жакъасел медикал, гIемер кIудияб къадруялде бахинаан районалъул больницаги, сахлъи цIуниялъул ишги. Нилъер ракIалдещвеяз ва гIаданлъиялъ рачила нилъ нилъер букIинесеб къадру-къиматаблъун букIиналде. Асият хвечIо, гьей ана гIасрабазде ва гьелъул цIар цIунила цIумадисезул тарихалъ.

**Хадижат Залимханова**

**Нужее баяналъе**

# ЧIобого гьабулеб юридическияб кумек



2011 соналъул 21 ноябралда гъулбасараб «Россиялъул Федерациялда чIобого гьабулеб юридическияб кумек» абураб 324 федералияб законалда рекъон, чIобого юридическияб кумек гьабизе рихьизарун руго:

-жидер хъизаналъулаб доход хIалтIухъ кьолеб мухьалъул бищун гIодобегIанасеб къадаралдаса гъоркь бугел гIадамал яги янгъизал гIадамал, жидерги гIаммаб доход бихьизабураб къадаралдаса гIодобегIанаб бугел;

- I - III группаялъул инвалидал;

-КIудияб ВатIанияб рагъул инвалидал, Совет Союзалъул, Россиялъул, Социалистияб захIматалъул ва Россиялъул захIматалъул БахIарзал;

-лъимал-инвалидал, бесдалал яги тIалаб-агъаз гьабизе чи гьечIого хутIарал лъимал ва гьезда тIад къайимлъи гьабун ругел гIадамал;

-жидеца тарбия кьезе, тIалаб гьабизе лъимал рачине нигат бугел гIадамал, гьеб суалалда хурхараб консультация гьаби мурадалда;

-жидеца тIалаб гьабизе лъимал рачарал гIадамал, гьеб суалалда сверухъ жидер ихтияразул хIакъалъулъ баянал щвей мурадгун;

-1995 соналъул 2 августалда гъулбасараб «Ригь арал гIадамазе социалияб хъулухъ гьаби» №122 федералияб законалда рекъон жидее чIобого юридическияб кумек бихьизабурал гIадамал;

-эркенлъиялдаса махIрум гьарурал соназде рахинчIел лъимал ва гьезул умумул, цо-цо хас гьарурал суалазда сверухъ баян щвей мурадгун;

-1992 соналъул 2 июлалда гъулбасараб «Психиатрияб кумек гьаби ва гьеб гьабулаго гражданазул ихтиярал цIуни» абураб №3185-I федералияб законалъ рихьизарурал гражданал;

-судалъ иш бажарулареллъун рикIкIарал гIадамал;

-гIорхъолъан борчIараб балагьалъул хIасилалда хваразул рос, чIужу, лъимал ва гьединазул къайимлъиялда рукIарал гIадамал, гьебго балагьалъул хIасилалда чорхол сахлъиялъе сакъат ва мал-мулкалъул рахъалъ зарал ккарал гIадамал;

-Россиялъул Федерациялъул цогидалги законазда рекъон, жидее юридическияб кумек чIобого бихьизабурал гIадамал.

**Кумек хIажатаз ахIизе бегьула адвокат МухIамад Багьадуровасухъе тел. 8-988-466-14-02, 8-928-830-05-12.**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор
МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь
ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс:
бащдаб лъагIалие - 51377
лъагIалие - 63302
Тираж -1777
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин.
ХIакъикъаталда гъулбасана l6 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес:
Golostsumady@mail.ru

## Тарихалда лъалкI тарал районцоял

# РухIиял церехъаби - Хуштадаса ПирмухIамад-хIажи ва гьесул наслу

**ПирмухIамад-хIажи (р.гI.)**

Хуштадаса ПирмухIамадил вас ХIажиясеги ТIиндиса Аминатиеги 1829 соналда гьавун вуго ПирмухIамад-хIажи. Хун вуго 1913 соналда.

ГьитIинаб мехалдасаго ПирмухIамад цIакъ цIодорав-гIакъилав, гIодовиччарав, гIелму-лъаялдехун гьетIи бугев вас вукIун вуго. Жиндир гIумруялъул 10-12 сон бугеб мехалда, мутагIиллъун цIализе ун вуго АнсалтIе, гьениса нахъвуссун вачIиндал, цIалун вуго Шамил имамасул цIар рагIарав наиб, бергьарав гIалимчи Закарияд ХIажиясда цеве.

Жинда Аллагь разилъаяв Жамалудин Гъумукъиясухъе зияраталъ Хуштаде вачIунев ГIабдурахIман Сугъуриясда (р.гI) «Эреси» колода хасало хьещтIолел лъималазда гьоркьов вихьун вугила гьитIинав чи ПирмухIамад. АскIовеги ахIун, бетIералда кверги лъун, Аллагь разилъаяв КIудияс тIоцеве жинда вихьулев вугев васасда абун бугила: «Дадал васлъун вукIинарищ?» - ан. «ГьедигIан гIемерал лъималазда гьоркьов гьадав бесдаласул ботIрода лъунин дуца квер», - ан абун бугила цадахъ рукIарал муридзабаз.

«Гьав васасул батIияв чи лъугьине вуго. Гьасул вахьине вуго накъшубандиязул силсилаялъе мунпагIат бугев чи», - ян кьокъ гьабун буго жаваб Аллагь разилъаяс.

ТIарикъаталъул вирд тIоцебе ПирмухIамад-хIажица (р.гI.) босун буго Аллагь разилъаяв Маммадибир Рочиясдаса. Аллагь разилъаяв ГIободаса МухIамадхIажиясулгун (ГIободияв) лъай-хъвай ккараб мехалда, ПирмухIамад-хIажил (р.гI.) тIарикъаталде бугеб рокьиги, гIелмуялде бугеб хIасратги бихьун, ГIободияс (р.гI.) гьаридал, Рочиса Маммадибирица гьесие кьун вуго кIиго мурид - ПирмухIамад ва гьесулго росуцояв Чанкурил РуруxIунд.

ГIободиясул (р.гI.) бищун рокьулел муридзабаздасан цоявлъун вукIана ПирмухIамад-хIажи (р.гI.). Гьеб кинабго бихьулебги буго ГIободиясде цогидаз гьаруралги гьес жиндицаго гьаруралги назмабаздасан ва хъварал кагътаздасан. Гьел кIиязулго цоцаздехун рокьи, хинлъи, гьуинлъи, цоцазул гьабулеб адаб-хIурмат ва божилъи бихxи гьечIеб букIин бичIчIулебги буго.

Хелекьуриса ГIабдуллагьил МухIамадица ГIободиясде (р.гI.) гьабураб назмуялдаги рехсон вуго ПирмухIамад-хIажи:

**ПирмухIамад-хIажи, МухIамад-хIажи,**
**Мун щайихлъи лъазе шархIал рукIана.**
**Дица хущдадиял Хаважагьазе**
**Хасаб бакI букIана рекIелъ гьабулеб.**
**Гьезул баракаталъ канлъи бачIараз**
**Карамат бициндал, цин-цин мехтула.**
**Манакъибал хъвазе гьукъула кверал,**
**Гьезул макъамалъе мукъсан ккелилан.**

Генуса НигIматуллагьил назмуялъулъги руго гьадинал мухъал:

**Устар ПирмухIамадие Аллагьас гIумру кьеги,**
**ГIибадат-тIагIаталъе Аллагьас тавпикъ кьеги,**
**ТIолго даражабазде Бичас вахинавеги,**
**Дунял-ахиратги кьун, Алжан насиб гьабеги.**

Саййид ГIободияв ГIарабустаналде унеб мехалъ, маъзунзабилъун тун вуго 7 чи. Гьезда гьоркьов мугIрузул рахъалда ПирмухIамад-хIажиги тун вуго (р.гI.). Гьев толаго Аллагь разилъаяс абун буго: «Гьалъие агьлулъун мустахIикъав Хуштадаса ГерейхIажияв вукIана, амма дур хIалимлъиги хIеренлъиги бергьана», - ян.

ПирмухIамад-хIажи (р.гI.) вукIун вуго цIакъ хIеренаб, хIалимаб, берцинаб хьвада-чIвадиялъул, жиндица къураб рагIуе хилиплъуларев, мискинлъи-бечелъи батIа гьабуларев, лага-черх берцинав, гьурмада дангъва бугев, ворхатав чи. Аллагь рехсолаго жиндир гIумру арав, чамалиго соналъ макъу гьечIел сардал-къоял бецIал, цIорорал ракьул халватазухъ риязалда рарав, жиндир гIумруялъ гIорцIизегIан кваначIев, гIажаибаб гIамалалъул Аллагьасул лагъ вукIун вуго гьев. Радакь какде унев чи, бакI-бакIалда мажгиталъур кьижун ккун ругел мутагIилзабазда хъвачIого, свералаби гьарун унаанила гьев жиндирго бакIалде как базе.

«Вай дир гьитIинал хIанчIи, дир сурмиял маккал, свакан ратила нуж, дагьалъги кьижа», - ян абулеб букIун буго гьезда аскIосан унаго.

Гьесул цо муридас гьадин хъвалеб буго:

**Гьайбатаб надалда дангъва букIана**
**Динул исламалъул устарлъиялъул.**
**Гьесул сурат лъалес, сипат гьабула,**
**Гьумерин цIарги лъун, моцI букIанилан.**
**БагIараб расалда чалма къалаан,**
**Абулкъасимияб къагIидаялда.**
**Къиматаб черхалда багьа хирияб**
**ХалгIат ретIунаан, тIагьаяс гIадин.**
**ГIадамазда жанив наязул ягIсуб,**
**Сима берцинлъиялъ лъалев вукIана.**
**КIудал-гIисиназде гIирфаналъул таж,**
**ГIамалгин тIабгIалъулъ тIокIав вукIана.**

Сайбид Жамалудин Гъумукъи (р.гI.), гьесул хъизан, васал ГIабдурахIим, ГIабдурахIман, яс ЗагьидатгIезегIан мехалъ гIумру гьабун Хуштада росулъ рукIана. Устарасул яс Загьидат Хуштадаса ун йигин, магьариги лъун, имам Шамилие Даргъоялдейиланги буго бицен. Гьединго буго хьвай-хъвагIай ГIабдурахIман ТIинди Загьаласухъ цIалулев вукIаниланги.

Жамалудин Гъумукъи (р.гI.) жанив вукIараб мина гьесухъа ПирмухIамад-хIажица босун буго ва гьеб минаялъуб хвезегIан гьесги, гьесул лъималазги, гьезул лъималазул лъималазги гIумру гьабун буго. Гьанже, ай ахираб заманаялъ, бащадаб росу чIунтарабго гIадин, гьеб минаги чIунтун, чIваданалде сверун буго.

ТIадегIанав Аллагьасе дин гьабизе мустахIикъаб бакI бугилан абулаанила Хуштада росдада Гъумукъияс (р.гI). Хуштаде гьев вачIиналъе гIиллалъун ккун буго гьава-бакъ рекъараб бакI букIин.

Нилъер районалъул росабалъа рахъарал Шамил имамасул наибзабазда гьоркьоса кIигояв - Салимдибир ва Закарияд ХIажи ккола Хуштадаса.

ПирмухIамад-хIажица (р.гI.) тIадчIун куцаразул, «квен» кьун квегьаразул», ай риязалда чIаразул щивав чиясе тIохол лъабго къали кьолаанила бацIцIадаб лъимгун цадахъ цо сордо-къоялъе, Аллагьасул диналдеги, Аваргасул суннаталдеги гурони, тIокIаб жоялде ракI гьесулареб хIалалъ. Гьесие бищун рокьулел рукIараздасан ккола Дагъистаналъул щуабилев имам ХIоцоса Нажмудин, Хуштадаса ГьазухIажияв, ШапигIхIажияв, ГIалихIажияв, ТIиндиса ГIабдурахIман ва жиндирго вас СаидхIусен (р.гI.).

Нажмудин имамас лъабго моцI бахьун буго Хуштада росулъ халваталъуб Къуръаналъул тафсир гьабулаго. Вицатав, лага-черх кIудияв чи вукIун, Нажмудин хIалихъе, гьалмагъзабаз кумекги гьабун, виччалаанила халваталъуве. КIиго моцIгIанасеб заман индал, инсуе хисизе ретIелги халгIатги босун, гьесул яс ячIун йиго Хуштаде. Дов цеве вукIарав залимав Нажмудинил бащдав чи хутIун ватун вуго ясалда. Гьеб дуца бачIараб халгIат ретIунеб лага-черх гьечIоха диранги абун, гьимун вуго Нажмудин ясалъе.

Нажмудин имамасул хIакъалъулъ бицине ккани, гIемерал тIахьал рахъизе ккола, щайин абуни, гьесул гIелмуги, ТIадегIанав Аллагьасдехун букIараб рокьиги, Дагъистаналде кьо ккедал гьес бихьизабураб бихьинчилъиги, бахIарчилъиги, чорхол къвакIиги, кьохIехьейги хIалкIолев Аллагьасда гурони лъаларо. Гьес гIараб мацIалда хъварал назмабазул гьанжеги гIарабиязул улкабазул гIалимзабазда гьоркьоб бицен тIагIун гьечIила. ГIемерисел щакдарулел ругила гIажамияв чияс гIараб мацIалда гьедигIан гъваридал, пасихIал назмаби хъваялда. Каиралъул Аль-Азгьар университеталда имам Нажмудинил назмабазул тIехьалдасан мутагIилзабазе дарсал кьолел рукIун руго.

Имам Нажмудиница ПирмухIамад-хIажиде гьабураб назмуялдаса босараб гьаб бутIаялъги бицунеб буго кигIан кIудияб пагьмугьунаралъул шагIир гьев вукIаравали.

**Ва, гьав хиял лъурав чи, Халикъасул нухалде,**
**Хех баче рекIунеб жо, Хуштадияб нуралде.**
**РещтIа гьезул бакIалда, гьенив цо чи ватилев,**
**Чанги унтарал ракIал, чIаго гьарун къачIалев.**
**Гьесул рагьда эхетун, хидматалда вукIа мун,**
**Халикъасул диналъе устар ватани вокьун.**
**Дуца василатлъун кквe, гьесул машаихзаби**
**Гьел руго лъикIаб нухда халкъалъул церехъаби.**
**Гьезул буго силсилат, исламалъул тIадгIанаб,**
**Акъдабалгун автадал жинца жанир рачунеб.**
**Гьаб ахираб гIужалъул бищун хирияв устар,**
**АбулхIусен вугевин, воре, гьабуге инкар.**
**Ва, гьав динги дунялги жиндидалъун гIуцIарав,**
**ГIидалъун кьоялъ гIадин, кьоялги берцинлъарав.**
**ЧIунтун хадуб тIарикъат дуца чIаго гьабуна,**
**Гьаб рахьалъул афакъал авраздаз цIезаруна.**
**Гьесул руго, гIадамал, гIемерал хиралъаби,**
**Рехсезе лълъвараб гIужалъ гIажизлъула пикраби.**
**Чан нурал тIиритIарал, тIолго ракьалде гIаммлъун,**
**БагIар бакъ баккун хадуб хуштадерил рахьалъан.**
**ГIирфаналъул магIарде гьоркьа хIетIе гIунтIана,**
**ГIаламулагъуталде сирруги биччан тана.**
**Щуябго хIазрат бахун, борхалъуде щун руго,**
**Гьав щайхасул кодоса кумек щварал киналго,**
**Мехтун хадур ригьана, гьес гьезий нух малъана,**
**Риязалда куцана, камиллъуде рачана.**
**Гьесул кумек хIажатав махIрумавлъун хутIичIо,**
**Рагьдухъе вачIарав чи чIового нахъ вуссинчIо.**
**Инкар-хилаф бугев чи хадув цIани, кIвар гьабун,**
**Гьес жив гIазе лълъунаго, нахърилълъуна мукIурлъун,**
**Гьесда цереса хьела киналго машаихал,**
**Яшав тIалаб гьабизе, тIарикъатгун хьвадулел.**
**Гьез гьарулел ишалги иршадаллъун телаан,**
**Данде гIиваз гьечIого, вирдал ратани рикьун.**

ТIолабго магIарулълъиялдаги Дагъистаналдаги машгьурал руго хуштадерил цогидалги гIалимзаби. Гьезда гьоркьор цебесеб кьерда кидаго руго накъшубандияб тIарикъаталъул устарзаби - ПирмухIаммадхIажил вас СаидхIусен ва СаидхIусенил вас ГIабдуллагьдибир.

Устар ГIободияс (р.гI.) абун буго: «Цого рокъоб, цого заманалда канлъиги бецIлъиги цадахъ букIунаро. Чирахъ баккани, бецIлъи лъугIула, гьеб свинабуни, рукъ бецIлъиялъул цIола», - ян. Гьел гIалимзаби рукIана, доб заманалъул цогидал гIалимзабиго гIадин, гIадамазул рекIелъ чирахъал раккулеллъун, бецIлъи нахъчIвалеллъун.

**(Хадусеб букIине буго)**